



Pou Piblikasyon Imedya: 01/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ONORE PLIZYÈ EWO NAN KAD PREMYE ANIVÈSÈ
SIKLÒN IDA**

Li pwoklamasyon an [isit la](#)

Nan kad premye anivèsè Siklòn Ida a, Gouvènè Kathy Hochul onore sèt Nouyòkè pou aksyon ewoyik yo apre tanpèt la, ki te inonde kay yo ak wout yo, ki te lakòz plizyè milya dola domaj epi ki te touye 18 Nouyòkè. Gouvènè Hochul te pibliye tou yon [pwoklamasyon](#) ki onore 1e septanm 2022 kòm Jounen Komemorasyon Siklòn Ida (Hurricane Ida Remembrance Day). Evènman an te fèt nan Elmcór Youth & Adult Activities nan Queens ansanm ak lidè kominotè lokal yo ak patnè yo nan gouvènman an.

"Ida te pote devastasyon enkwayab nan Queens, men apre li nou te wè tou yon pakèt aksyon ewoyik nan kominote a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nan New York, nou reyini ansanm epi youn leve youn lòt nan moman devastasyon ak dezespwa, epi mwen bat bravo pou moun sa yo paske yo te dedye tèt yo anvè lòt moun ki te blese yo. Nan pi move moman yo, yo te montre nou pi bon pati nan imanite - ak pi bon bagay nan New York."

Gouvènè a te onore moun sa yo nan evènman seremoni jodi a:

- Maynel "Junior" Moreno ak Jenniffer Moreno
- Tom Grech, Prezidan, Chanm Komès Queens (Queens Chamber of Commerce) lan
- Tafadar Sourov, òganizatè Laborers Local 79
- Reveran Patrick Young, First Baptist Church (Premye Legliz Batis)
- Direktris Egzekitif Neighborhood Housing Services lan, Yoselin Genao-Estrella
- Saeeda Dunston, Direktè Egzekitif, Elmcór Youth and Adult Activities

Aprè siklòn Ida, ajans gouvènman Eta New York yo nan tout nivo yo te travay ansanm ak gouvènman federal la, òganizasyon sektè prive yo, epi volontè kominotè yo ki t ap reponn fas ak nan tanpèt la, yo te sove lavi epi yo te pwoteje sante ak sekirite moun pandan ijans sa a. Patenarya sa a te pwodui plis efò ki te ogmante preparasyon, planifikasyon, fòmasyon, ak koperasyon eta a.

Nan kòmansman sezon prentan sa, Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development, HUD) Etazini an te anonse yon [alokasyon 3 milya dola nan fon CDBG-DR](#) pou ede kominote yo rekipere nan fason ki ekibab apre katastwòf, ki genyen ladan yo Ouragan Ida, epi konstui rezistans kont chanjman klimatik la. GOSR te resevwa 41.2 milyon dola pou sipòte pwogram yo pwopoze yo.

Gouvènè Hochul te garanti yon Deklarasyon Ijans pou Katastwòf ak yon [Deklarasyon pou Katastwòf Majè](#) de Prezidan Biden apre devastasyon Siklòn Ida te koze ak lapli istorik san parèy li a. Konte yo ke deklarasyon an kouvri gen ladan: Bronx, Dutchess, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Sullivan, Ulster, ak Westchester.

Semèn pase a, Gouvènè Hochul te anonse piblikasyon yon Plan Aksyon pwopoze pa Biwo Rekiperasyon apre Katastwòf Gouvènè a (Governor's Office of Storm Recovery, GOSR) pou rekipere apre Siklòn Ida pou ranfòse rezistans kominote yo kont tanpèt alavni yo. Plan yo pwopoze a genyen ladan 41.2 milyon dola finansman federal pou sipòte inisyativ ki pral ede rezidan yo ki andeyò Vil New York adapte ak efè chanjman klimatik la pandan l ap bay kominote ki defavorize istorikman yo priyorite.

Gouvènè a te anonse tou ke Eta a pral resevwa opinyon piblik la sou plizyè pwogram ki pwopoze k ap remede ak domaj ki lye ak Ida yo nan kay rezidansyèl yo, pou amelyore rezistans pou diminye risk kont domaj alavni, epi pou konsantre sou rekiperasyon kominote ki gen revni ki fèb a modere yo. Nou envite Nouyòkè ki andeyò Vil New York yo pou bay kòmantè sou plan an [isit la](#) anvan 28 septanm, lè yo patisipe nan odyans piblik sou plas nan dat 8 septanm a 6:30 pm nan Meri Vil New Rochelle, oswa nan odyans vityèl nan dat 13 septanm a 6:30 pm ([klike la pou enfòmasyon sou rankont vityèl la](#)).

Reprezantan Alexandria Ocasio-Cortez, te deklare, "Nan yon moman ki absoliman devastatè pou kominote nou an, lidè sa yo te ban nou tout espwa. Atravè egzanp yo, yo te montre pouvwa pou reyini ansanm - epi anpil nan yo te fè sa nan kriz apre kriz, soti nan COVID rive nan Ida. Nan anivèsè sonb sa a, li enpòtan pou nou rekonèt gwo pèt kominote nou an sibi - konbyen moun ki toujou ap lite pou yo rekipere epi konbyen ki p ap janm ka geri. Pèsonn pa konnen sa pi byen pase lidè sa yo, ki te bay yo menm anpil. Nou remèsye yo pou sakrifis yo ak angajman kontinyèl yo anvè Queens."

Reprezantan Grace Meng, te deklare, "Siklòn Ida te devaste distri mwen an ak kominote Queens lan. Yon ane de sa, anpil kay te inonde, pwopriyete yo te detwi, epi trajikman anpil lavi te pèdi, ki gen ladan sis nan elektè mwen yo. Pandan n ap kontinye fè fas ak defi nan rekonstwi Queens ak NYC, mwen onore pou mwen kanpe ansanm ak Gouvènè Hochul pandan li rekonèt ewo lokal yo apre tanpèt la ki te ale odela pou ede katye pa yo. Depi lè Siklòn Ida te frape Vil New York, nou te fè plizyè pwogrè pou pwoteje davantaj kominote nou an kont destriksyon ane pase a, men gen plis bagay ki dwe fèt. Mwen espere kontinye travay nan nivo federal la ak ansanm ak ofisyèl lokal yo

pou pwoteje rezidan Queens ak New York yo pou devastasyon ak pèt lavi sa a pa janm rive ankò."

Senatè Eta Jessica Ramos te deklare, "Lè m reflechi sou tout travay ki fèt yo, ki gen ladan yon fon 27 milyon dola pou sivivan Ida san papyè yo ak 41 milyon dola nan bidjè eta a te adopte pou sekou pou Ida a, mwen rekonesan ke Gouvènè a te reyaji yon fason efikas nan kòmansman manda li a. Vwazen mwen yo ap viv nan kominote klimatik ki devan liy yo, yo bezwen alafway ki pral soti nan yon tranzisyon jis ak yon konsantrasyon envestisman rezistans yo. Gen travay ki pou fèt pou bese domaj tanpèt alavni yo, men jodi a nou pral reflekte ak onore Nouyòkè yo nou te pèdi ane pase a akòz chanjman klimatik la."

Senatè Eta, Toby Ann Stavisky, te deklare, "Jodi a nou sonje lavi ki te pèdi apre tanpèt trajik sa a kote 11 moun ki soti Queens te peri. Pandan premye semèn Gouvènè Hochul nan biwo a, nou te vizite moun ki te fè eksperyans ak efè devastatè yo, enkli lanmò pwòch pa yo. Nou onore tou moun ki te sèvi kòm volontè ak sèvi vwazen nou yo pandan pi gwo moman bezwen pa yo. Yon ane de sa Gouvènè Hochul te pwomèt pou li retounen. Pwomès fèt. Pwomès respekte."

Manm Asanble Catalina Cruz te deklare, "Yon ane de sa nou te wè yon imaj klè sou sa k ap pase lè nou pa byen envesti nan travay pòv ak nan pwoteje anviwònman nou an. Ida te ravaje kominote nou an e li te pran tout bagay nan men anpil nan vwazen nou yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ki fè entèkansyon prèske imedyatman, vizite vwazen nou yo ak sekirize dè milyon dola pou moun ki pa te benefisye èd FEMA a. Nan tout bagay sa yo, nou te wè tou zanj ki te fè entèkansyon pou ede, tou senpleman paske se te bagay ki jis pou yo fè. Mwen onore pou m rele kèk kamarad tankou Yoselin Henao, Tom Grech, ak Rev Young zanmi mwen, epi pou m wè patnè nou yo nan Labor Local 79, ansanm ak Saida ak Junior ke yo rekonèt pou travay dezenterese yo. Yo merite rekonesans sa a ak plis ankò, vwazen nou yo pa t ap kapab rekanpe sou pye yo san yo menm. Nou gen yon wout ki long devan pou nou vrèman tounen dèyè sou domaj nou te koze sou anviwònman nou an. Mwen espere travay ak Gouvènè Hochul pou abòde pwoblèm enpòtan sa a epi asire enfrastrikti nou an ka vrèman soutni kominote nou yo."

Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards Jr., te deklare, "Sa gen yon ane de sa jodi a, plizyè milye rezidan Queens soti nan Flushing rive nan Hollis ak odela te wè lavi yo chanje nan yon moman. Men, nan sèn devastasyon yo atravè Queens genyen istwa vwazen ki te ede vwazen — epi menm moun ki konplètman etranje te fè entèkansyon pou ede abiye ak nouri fanmi ki te pèdi anpil bagay yo. Jodi a, nou onore moun ki te pèdi lavi yo pandan katastwòf sa a, epi nou onore tout ewo sa yo ki te bay yon koutmen nan youn nan moman ki te gen pi gwo bezwen nan minisipalite nou an."

Reveran Patrick Young nan First Baptist Church, te deklare, "Ane pase Siklòn Ida te sekwe kominote nou yo nan nwayo li, men pandan epòk sa a vwazen nou yo te ini ansanm. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li ak paske li travay men nan men ak legliz nou an pou bay resous ak ede nou retounen nan nòmal."

Gouvènè Murphy te deklare, "Yon ane de sa Siklòn Ida te frape kominote mwen an nan East Elmhurst, li te detwi anpil kay ak biznis. Apre dega yo vwazen nou yo nan tout kominote a te mete tèt yo ansanm nan efò sekou a. Mwen rekonesan pou Gouvènè Hochul paske li te vin nan katye a epi li te ede vwazen nou yo reounen nan nòm al."

Direktris Egzekitif Neighborhood Housing Services of Queens CDC a, Yoselin Genao Estrella, te deklare, "Nou felisite Gouvènè Hochul ak ekip li a paske yo te pote resous nan kominote nou yo ki te devaste pa Siklòn Ida ak Pandemi Covid 19 la ak pou rekonesans jodi a nan travay nou an. Nou rekonesan anvè vwazen nou yo paske yo te pèmèt nou sèvi yo lè yo nan bezwen. Yo te montre nou ke okenn tanpèt ni okenn pandemi pa ka anpeche rezidan Queens yo avanse. Antanke yon sivivan Siklòn Sandy mwen menm, travay mwen fè a trè pèsònèl. Se yon benediksyon pou m travay nan NHS nan Queens ansanm ak kòlèg yo ak yon angajman san parèy pou amelyore lavi vwazen nou yo nan bay pwogram ak sèvis nan yon fason ki respekte diyite. Òganizasyon piti men pisan nou an te jwe yon wòl enpòtan nan pote resous, volontè, ak lòt patnè pou envesti ak ranfòse Queens. Depi jou apre siklòn lan, anplwaye NHSQ yo te frape nan pòt katye ki afekte yo pou asire ke moun ak fanmi yo te an sekirite epi yo te jwenn aksè ak sèvis sekou yo. Men, se tout moun ki pou mete men, nou ka sèlman fè travay nou nan travay an patenarya. Wout rekiperasyon an se yon wout ki long epi nou espere kontinye travay an patenarya pou pote pwogram ak investisman ki pi dirab, pragmatik, ki respekte diyite, epi ki rezistans nan Queens."

Direktris Egzekitif ElmcOR Youth and Adult Activities, Saeeda Dunston, te deklare, "Kominote nou an te frape sevèman ak COVID, Dòz Eksesif epi apre sa IDA te vini. Yon ane apre tanpèt la nou sonje moun ki pèdi lavi yo, kay yo ak estabilite yo. Youn nan Sant pou Granmoun Aje nou yo te inonde ak detwi sa ki te deplase patisipan nou yo pandan 10 mwa. Nou kontan pou nou di nou re-ouvri jodi a. Anplwaye ElmcOR yo te kanpe jan yo te fè pandan plizyè deseni epi yo pral kontinye travay pou pèp la."

Direktris Egzekitif Neighborhood Housing Services lan, Yoselin Genao-Estrella, te deklare, "Siklòn Ida te devaste anpil katye nan vil nou an ane pase. Antanke manm sendika nou ap viv epi nou respire yon sans responsablite anvè vil nou an ak kominote nou yo, kidonk nou te pran mezi pou ede moun ki te devaste pa inondasyon an. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li rekonèt efò volontè nou yo pou sekou nan ka katastwòf, epi paske li kanpe ak kominote ki afekte yo pou asire rezistans fas ak chanjman nan modèl klimatik yo."

Tom Grech, Prezidan, Chanm Komès Queens (Queens Chamber of Commerce) lan "Mwen onore pou m fè pati gwoup sa a ke yo rekonèt pou efò nou yo apre dega siklòn Ida. Wòl mwen nan Chanm Komès Queens lanse pa yon travay men se yon pasyon, epi mwen rekonesan pou sipò Gouvènè Hochul."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418